

*Komisyon Episkopal Nasyonal Jistis ak Lapè*

*Ki kalte Rekonsilyasyon  
Ki ka pote  
Lapè an Ayiti ?*

*Gwoup Rechèch ak Refleksyon  
Jilap Nasyonal*

12

*Pòtoprens, Sektanm 2006*  
[www.forumcitoyen.org.ht/jilap](http://www.forumcitoyen.org.ht/jilap)

*Piblikasyon Bilten sila a posib gras ak konkou finans MISEREOR ansanm ak Komisyon Ewopeyèn an. Se Komisyon Jistis ak Lapè sèlman ki reskonsab sa k ekri nan Bilten an.*

*La publication de ce Bulletin est rendue possible grâce au concours financier de MISEREOR et de la Commission Européenne. La responsabilité du contenu de l'article publié dans ce Bulletin revient seulement à la Commission Nationale Justice et Paix. Tirage 1500 copies en créole ; 500 en français.*

## **De mo pou kòmanse**

Dezyèm seyans travay Gwoup Rechech ak Reflekyon Jilap pou lane a te chita sou tèm :

### **Ki kalte Rekonsilyasyon ki ka donnen Lapè ?**

Tèm sila a genyen gwo aktyalite. Men divès sektè k ap pale, pa di aklè ki sa ki dwe nannan pwosesis rekonsilyasyon an. Ki egzijans sa mande ? Ki kalte lapè ki nesèsè ? Ki wout ki pou pran pou sa ?

Onivo GRR JILAP, nou kwè rekonsilyasyon ki pou donnen lapè nan peyi a, se yon pwosesis, yon konstriksyon. Nou pataje avèk tout zanmi JILAP yo epi lòt sektè kèk eleman refleksyon ak konpreyansyon ki konsènen nesèsite pou sosyete nou an pran wout rekonsilyasyon ak bati Lapè.

Nou remèsye tout zanmi ki te pote kole nan brase lide a, sitou zanmi ki sòti nan Karitas Nasyonal ak ACAT. Nou espere plis moun ak plis sektè, lè yo li ti dokiman sa a, ap konprann enpòtans deba sou rekonsilyasyon ak lapè genyen pou lavni politik ak sosyal peyi a.

**Bon lekti tout moun !**

## Ki kalte Rekonsilyasyon ki ka donnen Lapè an Ayiti ?

Jounen jodi a, lapè se yonn nan pi gwo tèm ki okipe lespri tout moun nan sosyete a. Sityasyon vyolans ak ensekirite n ap viv yo fè anpil moun ap poze divès kesyon, tankou : ki sa k esplike pwoblèm vyolans la ki vle depafini ak peyi a ? Ki kote zam ki gaye tribò babò yo sòti ? Ki sektè ki gen plis enterè nan sityasyon ensekirite ak vyolans ki tabli a ? ...

Tout kesyon sa yo ap poze pandan anpil lòt moun pa sispann lonje dwèt sou kò sosyete nou an ki fann an miyèt moso. Anpil sektè kwè nan kafou peyi a ye la, Ayisyen sètoblize fè tèt ansanm, sa vle di se rekonsilyasyon an k ap louvri wout solisyon yon seri gwo pwoblèm peyi a. Vyolans ak ensekirite, se yonn nan pwoblèm sa yo. Men kesyon fondamantal la lè sa a, se : **ki kalte rekonsilyasyon ki donnen lapè ?**

Repons pou kesyon sila a pa fasil. Senpman nou kwè li difisil pou pale koze rekonsilyasyon nan peyi a san nou pa gade rasin listwa nou ak mòd pratik politik ki rive devlope. Se sa k ap mennen nou pi byen konprann dizon k ap eksprime yo sou koze rekonsilyasyon an epi defini sa ki ta dwe pi bon baz yon pwosesis rekonsilyasyon konsekan.

### **1 - Kijan rasin listwa nou pèmèt nou konprann koze rekonsilyasyon an ?**

Kesyon sa a enpòtan, paske si n ap pale jodi a sou nesosite rekonsilyasyon, sa vle di gen yon moman nan listwa nou kote tout Ayisyen te fè tèt ansanm. Sa vle di, se pa t toutan sityasyon lapè pa t blayi nan peyi a. Paske lè nou tandè anpil moun ap pale, ou san lè konprann se apati pouvwa Lavalas la (sitou aprè lè ansyen Prezidan Aristid tounen sou pouvwa nan lane 2001) yon sityasyon vyolans ak ensekirite te tabli kò l nan peyi a. Santiman sila a, vin pi pran plis fòs toujou apre Gouvènman Aristid la fin tonbe an 2004. Lè sa a, zak vyolans yo vin ogmante malgre prezans gwo fòs militè etranje nan peyi a. Men tou, gen 2 fenomèn nouvo ki pral parèt tèt yo. Se lit ak

zam sèten gwoup ki di yo se patizan Lavalas pral mennen nan kèk katye popilè Pòtoprens. Lòt fenomèn nan se anlèvman moun, sa yo rele « kidnaping » nan ki kreye laperèz lakay tout moun sitou nan Pòtoprens.

An reyalite, sitiyaasyon an pi konplike pase sa k ap klewonnen nan radyo, televizyon ak jounal. Nou dwe mete tèt nou an plas pou nou sonje vyolans ak ensekirite makonnen avèk rasin listwa nou menm. Nou pa t janm genyen yon peyi ki te konstwi pou tout Ayisyen. Depi 200 lane, Leta peyi d Ayiti te toujou yon leta vyolan ki la pou pwoteje enterè yon ti ponyen moun isit ak lòt bò dlo. Reyalite sila a, nou kwè se li ki fondamantal, se li ki dènye fondman gwo konfli boulvès sosyal k ap travèse sosyete nou an.

Gwo pwoblèm nan jodi a, leta peze souse a sispann genyen nan men l pou kont li manyèt vyolans ak ensekirite a. Leta a pèdi tou nan kapasite pou l kraye brize jan li abitye fè sa nan tan pase yo. Kidonk, vyolans la pran lari. Nenpòt ki moun ka viktim jounen jodi a. Konsa, pi fò moun fin sètoblije yo konsènen, men yo pa nesèsman ap chèche pi bon eksplikasyon pou konprann reyalite vyolans ak ensekirite a. Se sa k fè, nou dwe fè anpil jefò pou evite voye monte.

Nou dwe evite diskou k ap fè konprann se katye popilè yo ki prensipal sous vyolans ak ensekirite nan peyi a. Li pa korèk nonplis pou lonje dwèt ap fèt sèlman sou kouch popilè yo. Nou kwè se chapant sosyete nou an menm ki chita sou vyolans. Reyalite menm katye popilè yo, se yon reyalite vyolans. Sa ki nesèsè pou denonse se tout vye fòm eksplwatasyon politisyen tout plim tout plimay pa janm sispann fè avèk reyalite vyolans mizè ekonomik ak sosyal la reprezante.

Pou sa k konsènen pwen sila a, nou dwe konprann se pa Gouvènman Aristid / Lavalas la ki kòmanse anvan eksplwate mizè nan katye popilè yo sou yon move baz politik. Pèsonn pa ka bliye sistèm atache lame te mete kanpe nan peyi a aprè depa diktatè Jan Klod Divalye. Nou pa bliye non plis laterè FRAPH te blayi nan peyi a pandan 3 lane koudeta a. Bò kote pa l, Gouvenman Aristid la pral angrave yon sitiyaasyon ki te deja malouk. Li pouse konfli sosyal yo nan yon nivo konfwontasyon ki pa gen ni lanvè ni

landrèd. Li fin dekonstronbre leta a nèt, olye li pwopoze nouvo baz pou rekonstwi sosyete a.

Se poutèt sa, lè n ap pale jodi a sou rekonsilyasyon ak lapè, genyen 2 gwo defi ki parèt.

**Premye defi a** se ki sa nou pral fè pou se yon sèl sosyete ki egziste nan peyi nou an? Tout Ayisyen dwe gen dwa egziste kòm moun e kòm sitwayen. Rekonsilyasyon pa posib si pa gen kondisyon ekonomik, sosyal, politik ak kitirel yo kreye pou sa. Lapè ap toujou rete pawòl van si nou pa kraze baryè ki anpeche tout pitit peyi a jwenn manje, devlope kò yo, lespri ak entelijans yo. Rekonsilyasyon ki pou mennen nan lapè, se yon pwosesis ki chita sou yon seri nouvo mòd rapò sosyal. Nou poko wè siy ki montre sosyete nou an rive devlope yon veritab konsyans kolektif sou a.

**Dezyèm defi a** konsènen defans dwa moun ak lit kont enpinite. Kesyon sila a genyen yon valè etik (moral), politik ak jiridik. Pou nou tabli klima pou yon pwosesis rekonsilyasyon, nou pa ka fèmen je nou sou pèmanans vyolasyon dwa moun ki genyen nan pratik ak batay politik nan peyi a. Se absè n ap mete sou klou lè n ap devlope yon diskou patizan nan sa ki konsènan vyolasyon dwa moun.

Nou kwè fòk sosyete nou ranmase kouraj li pou l di men ki kalte repons vyolasyon dwa moun dwe jwenn nan peyi a. Fòk sosyete nou genyen yon dizon sou ki jan l ap trete vyolatè dwa moun tout plim, tout plimay, sòti nan diktati makout / Divalye a pase nan diktati militè yo, pou rive nan rejim Aristid / Lavalas 2001 an.

De (2) defi nou lonje dwèt sou yo montre kòman kondisyon ki pou mennen nan rekonsilyasyon an difisil. Se nan tèt frèt nou dwe chèche repons ki konsènen dizon ki dwe akonpaye yon pwosesis rekonsilyasyon.

## **2 – Ki pi gwo dizon ki dwe akonpaye pwosesis rekonsilyasyon an ?**

Nan tout sosyete ki te viv eksperyans diktati, genyen 2 prensipal dizon ki toujou parèt nan relasyon ak yon pwosesis rekonsilyasyon.

**Premye dizon an:** Fòk lajistis blayi. Jistis sila a dwe pote bon jan koreksyon nan sa ki te fèt, li dwe mete lòd nan dezòd ki te fèt anvan. Mòd jistis korektif sa a charye twa (3) gwo mak fabrik:

- Li mande pou limyè verite fèt sou krim ak vyolasyon dwa moun ki te komèt.
- Fòk yon enstans jidisyè / enstitiyonèl pale ak pran desizyon konsènen krim, vyolasyon dwa moun yo.
- Yo dwe idantifye koupab yo epi yo dwe jwenn chatiman, sanksyon yo merite.

Gwo pwoblèm nou genyen, Ayiti pa konnen yon sèl eksperyans diktati oubyen rejim kraze zo. Se pito yon chenn diktati depi 1957. Si n ap mande jistis yon fason konsekan, se pa yon sèl kalte kriminèl ki dwe konsènen. Nou kwè sosyete nou an dwe antann li sou yon baz minimòm koze kesyon jistis la atravè tout eksperyans diktati yo (makont / Divalye, militè, Aristid / Lavalas 2001) dwe poze epi jwenn repons. Oganizasyon Dwa Moun te dwe pran lidèchip yon inisyativ konsa epi fè yon seri pwopozisyon konkrè.

**Dezyèm dizon :** Gen sèten lòt sektè k ap mande pou bliye sa k te pase. Konsa, padon dwe bay alawonnbadè. N ap efase tablo a pou nou ka rekòmanse viv ansanm. Dizon sila a charye pou pi piti kat (4) difikilte.

- **Yon difikilte etik / moral :** Li konplike pou konstwi demokrasi tout bon nan meprize dwa ak kondisyon moun ki viktim, epi nan bay vyolatè dwa moun bon jan rekonpans. ((Men kilès ki vyolatè dwa moun, kilès ki viktim ? ... li pa toujou fasil pou wè klè nan kesyon sila a)).

- **Yon difikilte politik :** Si peyi nou an rive konnen yon chenn diktati, se paske chapant politik ak kilti politik peyi a favorize sa. Yon gwo jefò ta dwe fèt nan sans sa a pou gen koupe fache avèk mòd pratik pouvwa sa a nan peyi a. Pou sa fèt, fòk gen egzanp ki trase epi egzanp sila yo dwe parèt aklè.
- **Yon difikilte istorik :** Li enposib pou sakrifye memwa yon peyi pou yon peryòd prèske 50 lane. Lavi yon pèp pa chita sèlman sou sa l ap viv jounen jodi a (nan moman prezan an). Lavi sila a, se sa ki te pase tou ayè sa ki ka rive denmen.
- **Yon difikilte jiridik :** \_Demokrasi, se yon sitèm kote lalwa pran fòs epi gen yon sans. Si nou chache kase fèy kouvri sa nètalkole, eske lalwa ap ka toujou rete yon bousòl sitou pou jèn jenerasyon yo ?

Ant de (2) dizon sa yo, nou kwè pa gen yonn ki reponn totalman a sitiyasyon n ap viv la. Se poutèt sa, nou dwe chèche sa ki ta dwe baz ki pi piti e ki nesèsè pou yon veritab pwosesis rekonsilyasyon.

### **3 – Ki sa ki ta dwe baz minimòm pou yon pwosesis rekonsilyasyon nan peyi a ?**

Se nan de (2) nivo nou dwe konsidere egzijans rekonsilyasyon an nan peyi a.

**Premye nivo a** konsènen chapant sosyete nou an menm. Nou te fè yon ti pale sou sa nan premye pwèn an. Men nou pa dwe janm sispann fè sonje rekonsilyasyon k ap donnen lapè a mande pou nou rekonstwi yon peyi kote yon sèl sosyete ap viv.

**Dezyèm nivo a** konsènen eksperyans diktati peyi a konnen yo.

Sou pwèn sila a, nou kwè nan twa (3) egzijans minimòm.

**Premye egzijans minimòm** se egzijans verite a. Sosyete a pa dwe wont oubyen pè gade tèt li. Fòk laverite fèt sou sa ki pase nan peyi a depi 1957 rive 2004. Konstriksyon memwa sila a dwe sèvi baz pou gen koupe fache avèk sa ki te pase, men tou yon garanti pou yon lòt demen.

**Dezyèm egzijans minimòm :** Nou dwe viktim yo ak fanmi yo reparasyon sosyal. Nesesite fondanatal la, se pa bay avantaj lajan oubyen materyèl. Se vre, nan sèten ka fòk sa fèt. Men nou kwè sosyete nou an dwe tabli yon nivo rekonesans anfavè viktim yo epi kenbe ak anseye jenerasyon k ap vini memwa sakrifis yo fè.

**Twazyèm ekzijans minimòm :** Fòk kanmenm lajistis rive fè chimen l. Men nou kwè li enposib pou rive gen yon jijman nan ka chak viktim. Nou dwe antann nou sou yon pwosesis jistis minimòm, ki kapab negosye. Sa vle di n ap defini baz pwosesis jistis ki ka pote yon leson etik, moral ak politik. N ap idantifye mak fabrik yon seri krim kote dizon lajistis ap ede nou koupe fache avèk enpinite / kase fèy kouvri sa. N ap mete anplas onivo lajistis estrikti k ap pèmèt

nou tabli atravè tretman yon seri ka yon pedagoji pou kenbe memwa epi garanti reskonsablite politik.

Twa eleman sa yo montre nou kouman rekonsilyasyon an se yon pwosesis konplèks. Men sa nou rete kwè, pwosesis ki pou mennen nou nan lapè sosyal la pa dwe kite dèyè egzijans pou nou chèche nouvo baz pou viv ansanm ak pou devlope yon lòt kilti politik.

##